# ЛIахэм къахэтэджыкIыжам дауэ уеплърэ?

Чарльс Марш

Зэхэзыгъэувар Чарльс Марш

# ЛӀахэм къахэтэджыкӀыжам дауэ уеплъырэ?

29.161

ISBN 978-3-939887-79-9

«Что ты думаешь о Воскресшем?» на кабардинском языке.
Издательство «Свет на Востоке», Корнталь, Германия, 2011.

„What do you think about the One who rose from the Dead?“ in the Kabardian language.
Light in the East, Korntal, Germany, 2011.

## ЛІахэм къахэтэджыкІыжам дауэ уеплъырэ?

ЛІахэм къахэтэджыкІыжа Мэссихь дауэ уеплъырэ? Мы упщІэм ептыну жэуапым псори епхащ: мы дунейм насыпу щыбгъуэтынури, адрэ дунейм къыщохъулІэнури. Хьисэ куэд мыщІэу мы дунейм къэкІуэжынущ, ар къыщыкІуэжкІэ, дин егъэджакІуэхэм зэреупщІыгъам хуэдэу, уэри къоупщІынущ: «Дауэ сыкъыпщыхъурэ уэ?»

Сэ сычыристанщ. Ныбжьэгъу сыпхуэхъуну сыхуейщ сэ. Хьисэ зыщыщыр пщІэмэ, пфІэигъуэщ уэ. А Іуэхушхуэмкіэ зыми зыкъомыгъэгъапцІэ. ЦІыхубэм Хьисэ бегъымбарущ е цІыхуфІ дыдэущ зэральытэр, ауэ ар бегъымбарми цІыхуфІми нэхърэ нэхъ инщ. Абы хуэбгъэдэн зы цІыхуи щыІэкъым, щыІакъым икІи мы дунейми адрэ дунейми щыщыІэнукъым.

## Хьисэ и къэхъукІэм дауэ уеплърэ?

Хьисэ къызэрыхъуам хуэдэу зы цІыхуи къэхъуакъым. Ар Мэрием и къуэщ. Исмэхьил Ибрэхьим и къуэкІэ, Иуан (Ехьяр арщ) Зэчрей и къуэкІэ йоджэ. НэгъуэщІ лІыхэм я адэхэм я цІэкІэ йоджэ, Хьисэ и анэм и цІэкІэ сыт щІеджэр? Хьисэ адэ мы дунейм зэрыщимыІэр арщ абы и анэм и цІэкІэ щІеджэр. Хьисэ къызыхуэхъуар Мэрием пщащэр арщ. ЦІыхухъу гуэрми и Іуэху хэмылъу, Тхьэм и лъэкІыныгъэкІэ Мэрием лъэщыджэ хъури, щІалэ къилъхуащ. Ар Хьисэщ.

Хьисэ къалъхъуным илъэс щибл иІэу, Ешайэ бегъымбарым ар къызэралъхунур жиІауэ щытащ (Ешайэ бегъымбарым и тхылъ 7:14). Ешайэ бегъымбарым зэрыжиІам хуэдэу хъуащ. Хьисэ къызэрыхъуам и хъыбар Маттэ и тхылъым итщ 1:18-25.

Ди адэ Іэдэм щІым къыхигъэхъукІащ Тхьэм, дэри бегъымбархэри Іэдэм дрибынщ. Дэ мы дунейм дыщыщщ, Зиусхьэн Хьисэ уафэм къехри, мы дунейм къытехьащ. Ар уэсым хуэдэу къабзэт. Адрей цІыхухэр псори къабзэтэкъым, гуэныхьщІакІуэт. Инджылым зэритымкІэ, Хьисэ

мы дунейм къыщIэкIуар гуэныхьщIакIуэхэр имыгъэкIуэду кърригъэлын папщIэщ (1 Тим.1:15). Езыр хамэм хуэдэу къэхъуащ. Мы дунейм къэкIуэн и пэкIэ ар Тхьэм деж щыIащ. Ар мы дунейм къыщIэкIуар дымыкIуэду дыкърригъэлын щхьэкIэщ. ЦIыху Iэпкълъэпкъ иIэ хъури, цIыхуу къытехьащ ди щIыгум.

Махуэ гуэрым лIитIу зы мащэ зэдихуащ. Зым адрейм жриIащ:

– Мы мащэм сихыж!

– Уа тхьэмыщкIэ, – жиIащ адрейм, – уэ узэрыхуам сэри сихуащ.

ТIури мащэ куум зэдихуати, зыр адрейм дэIэпыкъуфынутэкъым. ЛIитIум макъ зэхахащ абдежым, ипщэкIэ къиIукIыу: «Мы кIапсэшхуэр фубыд». Мащэм имыхуа лIым ахэр кърригъэлын хузэфIэкIащ. Апхуэдэу Тхьэм мелыIычхэр къигъэкIуащ, Хьисэ къызэрыхъуамкIэ цIыхухэм хъыбар яригъэщIэн щхьэкIэ. Ар гъэщIэгъуэнкъэ! Ар дахащэкъэ!

Хьисэ къызэрыхъуам хуэдэу цIыху гуэри къэхъуакъым.

## Хьисэ и щэным дауэ уеплъръэ?

Хьисэ щыпкъагъэкIэ щыщIагъэ гуэри зимыIэ цIыхущ. Гуэныхь зыпылъ илэжьакъым зэи. ИгъащIэми щыуакъым. «Къысхуэгъэгъу» щIыжиIэн щхьэусыгъуи иIакъым. Тхьэм щышынэ дэтхэнэми и гуэныхьыр Абы и пащхьэ ирилъхьэу, «къысхуэгъэгъу» жиIэурэ елъэIун хуейщ. Даути Ибрэхьими апхуэдэущ зэращIар. Пэжым ухуеймэ, и гуэныхьыр махуэ къэс щэ ныкъуэрэ Тхьэм и пащхьэ ирилъхьэурэ, «къысхуэгъэгъу» жиIэурэ Абы зэрелъэIуар къиIуэтэжащ бегъымбар гуэрым. Хьисэ «къысхуэгъэгъу» жиIауэ Библиеми нэгъуэщI тхылъ лъапIэ гуэрми иткъым. Абы щIыхуэбгъэгъун гуэныхь иIакъым. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм Абы ехьэлIауэ ятхащ: «Езым зы гуэныхьи илэжьакъым, узыгъэпцIэн псалъи и жьэ къыжьэдэкIакъым». Апхуэдэу жызыIар Хьисэщ илъэсищкIэ и гъусауэ, Ар зыхуэдэр фIыуэ зыщIэхэр арщ. Бегъымбархэм я гуэныхьхэр Тхьэм и пащхьэ щралъхьэкIэ Абы ахэр къахуегъэгъу, ауэ Хьисэ гуэныхь зэримылэжьам щхьэкIэ, абы хуэныкъуакъым Хьисэ. Сыт хуэдэ гуэныхьи телъакъым Абы. И бийхэм

мыпхуэдэу яжриIащ Хьисэ: «Сэ гуэныхь злэжьауэ фэ фщыщ гуэр сыкъигъэкъуэншэн лъэкIыну?» Хьисэ гуэныхь илэжьауэ жызыIэфын къахэкIакъым абыхэм. Дэ тщыщ гуэрым лъэкIыну и бийхэм апхуэдэу яжриIэфыну?

Хьисэ пцIы тралъхьэри, Пилат и пащхьэм иращащ, ауэ Пилат Абы мыхъун гуэри дилъэгъуакъым. Пилат цIыхухэм къажриIащ: «Мы лIыр хейщ, мыбы илъ згъэжэну къыстехуэркъым сэ».

Хьисэ фIэкI гуэныхь зымылэжьа мы дунейм тетакъым икIи тетынукъым. Гуэныхь зымылэжьа бегъымбар закъуэр Хьисэщ.

## Хьисэ жиIа псалъэхэм дауэ уеплърэ?

Хьисэ ирагъэубыдын щхьэкIэ, Абы и бийхэм цIыху ягъэкIуащ махуэ гуэрым, ауэ ямыубыду къагъэзэжащ. «А лIыр зэрыпсалъэм хуэдэу, зы цIыхуи игъащIэм псэлъакъым», – жаIащ абыхэм (Иуан 7:46). Абы жиIа мы псалъэхэм егупсыс: «Дунейм и нэхур сэращ. Си ужь къиувэр кIыфIым хэту зекIуэнукъым, шыIэныгъэм и нэху игъуэтын фIэкI». А псалъэхэм Хьисэ къри-

гъэкIыр лIыжь гуэрым къызгуригъэIуащ. Мыращ абы къызжиIар: «Бегъымбархэр мазэм хуэдэщ. Мазэм жэщыр къегъэнэху. Тхьэм и нэхунэр бегъымбархэм мы дуней кIыфIымрэ тхьэмыщкIэмрэ къыхуахьащ. Бегъымбарыр мазэ ныкъуэм хуэдэщ. Из хъуху, мазэм и нэхум къыщIегъу, итIанэ хэщIурэ и нэхур мэкIуэдыжри малIэ. Абы щхьэкIэ умышынэ» Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы и пIэ нэгъуэщI мазэ къиувэнущ. Бегъымбархэм я Iуэху зытетыр абы хуэдэщ. Ахэр къэкIуащ, зыр адрейм и ужь иту. Зым Тхьэм и хъыбар къихьащ, ар дунейм ехыжьри, и пIэр нэгъуэщI бегъымбарым къыхуигъэнащ. Дэтхэнэ лъэпкъми Тхьэм и нэхум щыщ лъысащ. ЦIыхухэр зыхуэлажьэ диныр щэху уэздыгъэм хуэдэщ. Дыгъэр къыкъуэкIа нэужь, нэху мащIэм хуеижыр хэт? Зы цIыхуи хуеижкъым абы. Хьисэ жиIащ: «Дунейм и нэхур сэращ. Хьисэщ щыпкъагъэм и нэхур». Дыгъэм нэхъ мащIи нэхъ цIыкIуи хъурткъым. Дыгъэр лIэрткъым, кIуасэрткъым, сыт щыгъуи къыщопс дунейм. Хьисэ Мэссихь дыгъэм хуэдэщ. Нэхъ цIыкIу хъунукъым игъащIэкIэ. Абы и фIыгъэ иригъэкIын хуейщ дэтхэнэ хэкуми, дэтхэнэ цIыхуми.»

«Гъуэгури, щыпкъагъэри, шыIэныгъэри сэращ». Бегъымбархэр къэкIуащ цIыхухэр Тхьэм деж кIуэ гъуэгум трашэн папщIэ. Абыхэм жаIащ: «Мыр Тхьэм и гъуэгущ! Мыр щIэ! Мыращ гъуэгур! Тхьэм и унафэхэм едаIуэ. Ауэ Хьисэ жиIащ: «Сэращ гъуэгур. Си ужь къиувэ!»

ЩIалэ цIыкIу гуэр къалэм дэтурэ гъуэщащ. Сабийти, зыхуейр цIыхухэм ягуригъэIуэфакъым щIалэ цIыкIум. Я унэ зэрыкIуэжыну гъуэгур къригъэлъагъужу лIы гуэрым елъэIуащ щIалэ цIыкIур. ЛIым къыжриIащ: «Мы уэрамым ирикIуи, етIуанэ уэрамым деж ижьырабгъумкIэ гъазэ, итIанэ ещанэ уэрамым деж ижьырабгъумкIэ дэдзыхи, лъэмыжым икI…» ЛIым къыжриIар къыгурыIуатэкъым, щIалэ цIыкIур къэгъащ. ЛIым гъуэгум щигъэгъуэзат щIалэ цIыкIур, итIани игъуэтакъым зрикIуэн хуей уэрамыр. ЩIалэ цIыкIум и къуажэгъу лIы гуэр кърихьэлIащ абдежым, абы сабийм и Iэпэр иубыдащ. ЩIалэ цIыкIур щешым, ар лIым къиIэтри, и адэанэм ахуихьыжащ. Япэрей лIым гъуэгур къригъэлъэгъуащ, етIуанэрейр гъуэгу хуэхъуащ. Хьисэ жиIащ: «Гъуэгур сэращ, Адэ лъапIэм деж кIуэ гъуэгур сэращ».

Хьисэ и псалъэхэм дауэ уахэплъэрэ? Мы псалъэхэр дауэ къыбгурыIуэрэ: «ЦIыху ешаелIа, хьэлъэ уэндэгъу зытелъ псори, си деж фыкъакIуэ, гузэгъэгъуэ фэстынщ.» (Маттэ 11:28).

Хьисэ и псалъэхэм дауэ уахэплъэрэ? Ар зэрыпсэлъам хуэдэу зы цIыхуи игъащIэм псэлъакъым.

## Хьисэ и цIэхэмрэ зэреджэхэмрэ дауэ уеплърэ?

Дэтхэнэ бегъымбарми езым ейуэ цIэ иIэщ. Ибрэхьим «Тхьэм и ныбжьэгъукIэ» йоджэ. Нэгъуэщl гуэрым «Тхьэм и щIасэкIэ» йоджэ. ЦIыхум хэт нэхъыфIу илъагъур? И ныбжьэгъура, хьэмэ езым и къуэра? Хьисэ адрей цIыхухэм зэрахуэмыдэр уигъэщIэн щхьэкIэ, Тхьэр Хьисэ езым и КъуэкIэ йоджэ. Сыт абы Тхьэм къригъэкIыр? Дэ зэрыжытIэмкIэ, и адэм хуэдабзэщ и къуэр. Хьисэ жиIащ: «Сэ сызылъэгъуам Адэ лъапIэр илъэгъуащ» (Иуан 14:9). Къуэм лъэкIынущ и адэм и пIэ иувэн, и адэм и пIэкIэ Iуэху ищIэнуи псэлъэнуи хуитщ ар. Аращ Хьисэ мы дунейм щыщыIэм ищIар.

Абы къыхэкIкIэ Хьисэ Тхьэм и псалъэкIи йоджэ. Тхьэр Хьисэ и жьэкIэ къыдэпсэлъащ. Аращи, Хьисэ и цIэхэр адрей цIыхуцIэхэм яхуэдэкъым.

## Хьисэ иIэ лъэкIыныгъэшхуэхэм дауэ уеплърэ?

Хьисэ хузэфIэмыкIын Iуэху щыIэкъым. Абы и Iэм илъщ лъэкIыныгъэ псори тетыгъуэшхуэ псори. Пэжым ухуеймэ, мы дунейм щытетым Тхьэм ищIэ Iуэхухэм щыщу Хьисэ имыщIэфа щыIэкъым. Тхьэм нэмыщI, лIахэр хэт къэзыгъэтэджыфынур? Хьисэ лIахэр къыгъэтэджыжащ. Тхьэм нэмыщI, фаджэ уз зыпкъырытхэр хэт зыгъэхъужьыфынур? Хьисэ фаджэ уз зиIэхэр игъэхъужащ. Тхьэм нэмыщI, хэт нэфхэм я нэхэр къэзыгъэплъэжыфынур? Хьисэ а псори хузэфIэкIащ. Сыт хуэдэ узри игъэхъужыфащ. Имыгъэхъужыфын уз щыIакъым. Жин нэпцIхэр псалъэ къудейкIэ цIыхухэм яхихуащ. ЦIыхухэм ягухэм гуэныхьыр иригъэкъэбзыкIыжурэ, ягухэм илъыр зэблихъуащ. Тхьэм и цIэкIэ Iуэхушхуэ щIагъуэхэр ялэжьащ бегъым-

бархэм, цIыхухэр ягъэхъужащ Тхьэм и цIэкIэ, ауэ Хьисэ Тхьэм и цIэкIэ цIыхухэм еIэзэ и хабзэтэкъым, зэреIэзэр Езым и цIэкIэт. Илъэс щэщIрэ ирэ хъуауэ зи лъакъуэр къиуIэмыувэ лIым жриIащ: «Сэ бжызоIэ: къэтэдж, зекIуэ». ЛIыр абдежым къэтэджри зекIуащ. Сымаджэхэр зэригъэхъуж удзхэр цIыхухэм яритакъым Хьисэ. Езым и цIэрэ и лъэкIыныгъэкIэ цIыхухэр зэригъэхъужар.

Лазар зи цIэ лIы гуэр сымаджэ хьэлъэ хъуат. Сымаджэ щыхъум, Хьисэ хъыбар иригъэщIащ. Хьисэ къэкIуэху, Лазар лIэри щIалъхьэжащ. Ар лIэуэ щIалъхьэжа нэуж махуиплI дэкIауэщ Хьисэ щыкIуар. Лазар зыщIалъхьа кхъэлэгъунэм бгъэдыхьэри, Хьисэ жиIащ: «КъыщIэкI иджыпсту» (Иуан 11:43). Лазар кхъэлэгъунэм къыщIэкIыжащ. Хьисэ абдеж къыщигъэлъэгъуащ лIахэр къигъэтэджыжын зэрыхузэфIэкIыр. «ЛIахэр къэзыгъэтэджыжу гъащIэ езытыр сэращ», – жиIащ Хьисэ (Иуан 11:25). Къэлэгъунэхэм щIэлъ псоми Тхьэм и Къуэм и макъ зэхахынурэ, ахэр къыщытэджыжыну махуэр къэсынущ. Уэри дунейм уехыжмэ, кхъэм укъикIыжынущ Муси, Ибрэхьими, адрей бегъымбархэри аращ. Тхьэм деж

къикI гъащIэр къуитын лъэкIынущ Хьисэ. Дунейм тет псоми я псэукIэр зэблихъун лъэкIынущ Хьисэ. Хьисэ и лъэкIыныгъэшхуэм дауэ уеплърэ? Абы хуэбгъадэ хъун цIыху гуэри щыIэкъым.

## Хьисэ гугъуехьу ишэчамрэ и лIэкIэмрэ дауэ уеплърэ?

Хьисэ и лIэкIэм дауэ уеплърэ? Уэ узыщылIэнур пщIэрэ – хы гъуэгура, лъэс гъуэгура, уи пIэ хуабэра? Уи лIэкIэ хъунури пщIэрэ? МафIэм уисыну, лъагапIэ гуэрым укъехуэхыну, уи лIэгъуэ хъуауэ уехыжыну дунейм? УзэрылIыкIыну узыр сытым уигъащIэрэ? УщылIэну махуэр пщIэрэ? Илъэс дапщэ ухъуауэ ущылIэнур? Сыт махуэу, сыт мазэу пщIэрэ ущылIэнур? УлIа нэужь сыт къэхъунур? Уэрэ сэрэ а псор зэрыдмыщIэр IупщIщ. Ар зиIэ илъыр Тхьэращ. Зиусхьэн Хьисэ зыщылIэну щIыпIэр ищIэрти, Абы и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ: Ерусалимт ар. ЗэрылIэну щIыкIэри яжриIащ и гъуэгу ирикIуэхэм (Лука 18:31-33). ЩылIэнури яжриIащ и гъусэхэм; IутIыж махуэшхуэу журтхэм къур-

мэныпхъэ щынэр щаукI махуэм лIэнут ар, цIыхухэм я гуэныхьхэр ящхьэщихын папщIэ.

ЛIэуэ махуищ дэкIа нэужь къызэрытэджыжынури жиIащ. Хьисэ зэрыжиIауэ хъуащ. Езым ищIэрт апхуэдэу зэрыхъунур. Ар адрей цIыхухэм яхуэдакъым. Дэ апхуэдэ Iуэхухэр тщIэркъым. Бегъымбархэми ящIэртэкъым. Дэ дыщылIэну махуэри, щыпIэри, дызэрылIэну щIыкIэри Тхьэм иухащ.

Хьисэ жиIащ: «Сэ си псэр зыми стрихыркъым, сэр-сэру сот ар. Ар стыни къезгъэгъэзэжынуи слъокI сэ» (Иуан 10:18). Хьисэ зы гуэныхьи илэжьакъым. Гуэныхь лъэпкъ зэримыIэм щхьэкIэ лIэныгъэм и IэмыщIэ илъакъым ар. МылIэу, уафэм дэкIуеижын лъэкIащ абы. Адрей цIыхухэм я пIэкIэ лIащ ар. И псэр дэр папщIэ итащ. Ди гуэныхьхэр тхуипшынын папщIэ, и псэр итащ. Уэр папщIэщ щIэлIар. Аращ Мэлыхъуэ Лэгъупэжьу и мэлхэм папщIэ зи псэр зытар. Абы ищIам хуэдэ цIыху гуэрми игъащIэм хузэфIэкIакъым.

## Хьисэ лIэныгъэм зэрытекIуам дауэ уеплъырэ?

И псэр итри, Хьисэ цIыфхэм щIалъхьэжащ. Хьисэ кхъэлэгъунэм щIагъэлъын мурад яIащ Абы и бийхэм. Кхъэлэгъунэ щIыхьэпIэм мывэшхуэ Iуалъхьащ. Мывэм мыхъур традзэри, кхъэлэгъунэм къэрэгъул Iуагъэуващ. Хьисэ зэрылIам шэч къытрахьэртэкъым, ауэ Хьисэ лIахэм къахэтэджыкIыжащ, псэууэ закъригъэлъэгъуащ и гъуэгу ирикIуэхэм. Псэууэ закъригъэлъэгъуащ Петр, итIанэ Мэрием, итIанэ цIыху щитхум щIигъум. Езым зэрыжиIауэ, лIахэм къахэтэджыкIыжащ. И Iуэхур Тхьэм зэридар цIыхухэм яригъэлъагъун папщIэ, Хьисэ лIахэм къахэтэджыкIыжащ. ЛIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь, Хьисэ цIыхухм я нэкIэ ялъэгъуащ, абы еIусащ, дэшхащ-дефащ. И Iэхэмрэ и лъакъуэхэмрэ телъ гъущI уIэгъэри яригъэлъэгъуащ.

ЛIэныгъэр биишхуэщ. Уэри улIэн хуейщ, сэри сылIэн хуейщ. Бегъымбархэри лIащ, къагъэзэжакъым. Ауэ Тхьэм и фIыщIэщ, Хьисэ лIэныгъэм текIуащ. Ноби псэущ ар. Абы и гъуэгум тету Тхьэм деж кIуэхэр мыкIуэду къигъэнэжыну лъэкIыныгъэ иIэщ

Абы. НэгъуэщI бегъымбар гуэр щыIэ лIа нэужь къэтэджыжауэ? ЩыIэкъым. Хьисэ и закъуэщ лIахэм къахэтэджыкIыжар.

## Хьисэ уафэм зэрыдэкIуеижам дауэ уеплърэ?

Инджылым щыщ Апостол 1:9-14 икIи Фил. 2:6-11 еджэ. «Уафэм щыIэ нэхъ щIыпIэ лъагэр иубыдыну хэт фызыхуейр? – жисIэу журт гупым сеупщIмэ, псоми жаIэнущ: «Мусэ бегъымбарырщ». Быслъымэнхэм сеупщIмэ, езыхэм я бегъымбарым и цIэ къраIуэнущ. Чыристанхэм сеупщIмэ, Хьисэ жаIэнущ. Тхьэр журтхэми, быслъымэнхэми, чыристанхэми еупщIакъым. Тхьэм Хьисэ игъэинри, цIэ псоми я нэхъ цIэ лъапIэр къритащ. Ар зыщIар Тхьэращ. Зи гум пагагъэ илъ цIыхухэри Хьисэ и пащхьэ лъэгуажьэмыщхьэу щетIысэхын хуейщ.

## Хьисэ мы дунейм къызэригъэзэжынум дауэ уеплъэрэ?

Хьисэ мы дунейм къыгъэзэжынущ. Апхуэдэу жиIащ Езым (Иуан 14:1-3). МелыIичхэм жаIащ апхуэдэу (Апост. 1:11). Чыристан псори поплъэ Хьисэ къыщыкIуэжынум. Хьисэ тетыгъуэ иIэну къызэригъэзэжынур адрей динхэм итхэми ящIэ. Езым и гъуэгум тетхэр уафэм дришеижын, абы гъусэ щыхуэхъун щхьэкIэщ къыщIигъэзэжынур. Дунейм тетыгъуэ щиIэн щхьэкIэ къэкIуэжынущ. Ар дунейм и пащтыхьщ. И бий псори и лъэгу щIигъэувэху, тетыгъуэ иIэн хуейщ Абы. Илъэс плIыщIкIэ тетыгъуэ иIэну къигъэзэжынущ Хьисэ жызыIэ цIыху гъуэщахэри щыIэщ. Хьисэ къыщIигъэзэжынур тетыгъуэр игъащIэкIэ иIэн щхьэкIэщ. Ар щыпкъэщ: куэд мыщIэу къэкIуэжынущ Хьисэ. ИтIанэ хэти илъагъунущ Ар пащтыхьхэм зэра-Пащтыхьыр, зиусхьэнхэм зэра-Зиусхьэныр. Ар къэкIужынущ. Уэри уиувэн хуейщ Абы и пащхьэм. Аращ цIыхухэм хьэкум ятезыщIыхьынур. Абы и пащхьэ ущихьэкIэ къоупщIынущ: «Уэ къызэрыпфIэщIымкIэ, хэт сыщыщ сэ?» Сыт жепIэнур? «Бегъым-

бархэм уащыщ» жепIэмэ, «Си унафэхэм ущIемыдаIуэр сыт?» жиIэнурэ къоупщIыжынущ. Езым хуэдэ цIыху щымыIэрэ пэт, бегъымбархэм зэрихуэбгъэдам щхьэкIэ уигъэкъуэншэнущ. ЦIыхухэр мыкIуэду къигъэнэжын зыхузэфIэкIынур а Закъуэращ. Хэт къэкIуэжынур тетыгъуэр иIэну? Мусэ бегъымбарыра, Ибрэхьим бегъымбарыра, Даут бегъымбарыра е нэгъуэщI бегъымбар гуэр? Хьэуэ. Хьисэщ. Зиусхьэн Хьисэщ къэкIуэжынур, Аращ цIыхухэм хьэкум ятезыщIыхьынур. Апхуэдэу зэрыхъунур Тхьэм къигъэлъэгъуащ Хьисэ лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжамкIэ. Хьисэ къэкIуэжынущ. Псоми ялъагъунущ ар.

## Уэ пщIэну Хьисэ зыхуейхэм дауэ уеплъырэ?

Хьисэ жеIэ: «Си деж фыкъакIуи, гузэгъэгъуэ фэстынщ» (Маттэ 11:28). Абы деж укIуэну нобэ къоджэ ар. Япэ абы и гъуэгу техьахэм къащеджэм, я уни, я лъапси, я ади, я ани, я Iуэхуи – яIауэ хъуар къагъанэри, Хьисэ и ужь уиващ. Уэри къоджэ ар пщIэну. Къоджэ Езым ущыгугъынуи,

умыкIуэду укъригъэлынуи, ЕзымкIэ фIэщхъуныгъэ уиIэнуи, и IэмыщIэ зиплъхьэнуи. ЗэрыжиIэм хуэдэу, ар Тхьэм и Къуэ Зиусхьэну щыщыткIэ, Езыр зыхуейхэр пщIэну къыпщогугъ Ар. И къэхъукIэкIи, и псэукIэкIи, и хьэл-щэнкIи, и цIэхэмкIи, и псалъэхэмкIи, и лъэкIыныгъэшхуэкIи, гугъуехьу ишэчахэмкIи, и лIэкIакIи Абы хуэбгъэдэну зы цIыхуи щыIэкъым. Нобэ псэущ Ар. Езым щыгугъхэм я гъусэщ. ЕзымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм папщIэ Тхьэм болъэIу Ар. Куэд мыщIэу дунейм къытехьэжынущ ар. Уафэми щIылъэми щыпсэууэ Абы хуэбгъэдэну зы цIыхуи щыIэкъым. Абы къыхэкIкIэ Ар уэркIэ Пащтыхьуи Зиусхьэнуи щытын хуейщ.

Мы тхылъым ехьэлIауэ гу зылъытапхъэхэр къытхуэфтхмэ, ди гуапэ хъунт. Фыкъатхэ мыпхуэдэ адресымкIэ:

Licht im Osten, Postfach 1340,
70809 Korntal, Germany.



29.161